



DEPARTMENT OF MENTAL HEALTH (DEPATMAN SANTE MANTAL)

DIREKTIV POU KONTESTASYON: REFI APLIKASYON POUTÈT BEZWEN, MWAYEN AK DOMISIL

Kiyès ki ka fè yon kontestasyon?

Aplikan an, reprezantan aplikan an ki legalman otorize (si genyen), oswa yon moun aplikan an deziyen lè pa gen okenn reprezantan ki legalman otorize, ka konteste yon detèminasyon Depatman Sante Mantal (Department of Mental Health, DMH) ki di yon aplikan pa apwouve pou yon sèvis DMH poutèt li pa gen **bezwen** pou yon sèvis DMH, li gen lòt **mwayen** pou li jwenn sèvis yo oswa li pa **domisilye** nan Massachusetts.

Kijan pou depoze yon kontestasyon?

Yon aplikan, reprezantan ki legalman otorize oswa reprezantan ki deziyen dwe soumèt yon deklarasyon ekri bay Direktè Zòn lan oswa deziyen an ki endike sa k ap konteste a ak baz pou kontestasyon an. Deklarasyon ekri sa a dwe soumèt nan entèval dis (10) jou ouvrab apati dat resepsyon notifikasyon ke sèvis DMH yo pa te apwouve. Aplikan an, reprezantan ki legalman otorize a, oswa reprezantan deziyen an ka soumèt enfòmasyon anplis ki ka sipòte anilasyon refi a. Deklarasyon ekri a dwe soumèt bay **[name/title/address]**.

Kijan kontestasyon an deside?

Direktè Zòn lan oswa deziyen an ap reyalize yon konferans rezolisyon avèk aplikan an, reprezantan ki legalman otorize a oswa reprezantan ki deziyen an amwenske gen yon akò ki anile konferans rezolisyon an. Rezon reyinyon sa a se pou poze kesyon ak rezoud zafè ki nan kontestasyon an. Reyinyon enfòmèl la ap fèt nan entèval dis (10) jou ouvrab apati dat notifikasyon kontestasyon an. Aplikan an, reprezantan ki legalman otorize a oswa reprezantan ki deziyen an ap resevwa yon avi ekri sou desizyon an.

Kisa k ap rive si Direktè Zòn lan oswa deziyen an pa anile refi a?

Si Direktè Zòn lan oswa deziyen an pa anile desizyon an, aplikan an, reprezantan ki legalman otorize a oswa reprezantan ki deziyen an ka voye pètisyon bay Komisè Depatman Sante Mantal la pou yon odyans san patipri konfòmman avèk 104 CMR 29.16(5). Pètisyon pou yon odyans san patipri dwe soumèt alekri bay: Komisè DMH, 25 Staniford Street, Boston 02114 nan entèval ven (20) jou apati achèyman oswa anilasyon konferans rezolisyon an.